

## Gen chwa polis asirans ki ka prezante devan ou. Tcheke kourye ou!



Antanke asirè dènye rekou, Citizens pa chèche ekri polis yo. Nou ede asire w jwenn opsyon asirans sou mache prive a, ki souvan bay plis pwoteksyon konplè pase Citizens. Yon inisyativ kle nan sans sa se [pwogram depopilasyon Citizens](#) nan.

Citizens atann pou anpil nan asire li yo resevwa òf konpayi asirans prive yo nan mwa k-ap vini yo nan kad pwogram depopilasyon an. Li vrèman empòtan pou ou rete enfòme e pou ou byen egzamine nenpòt komunikasyon nou voye ba ou.

### ENPÒTAN: Ouvri kourye ou

Si Citizens voye yon Policyholder Choice Offer (Let Of Chwa Asire) oswa yon Policyholder Depopulation Offer (Let Of Depopilasyon Asire li vrèman empòtan pou ou pran san ou pou w' li sa. Lèt sa yo gen detay empòtan kosènan òf asirans prive yo.

### Dwa pou ou chwazi

Lè ou resevwa òf yon konpayi asirans prive ki pa depase 20% pase estimasyon prim renouvèlman Citizens aktyèl ou a pou pwochen tèm nan, ou pa ka rete ak Citizens. Men si ou resevwa yon asirans prive ki plis pase 20% estimasyon prim renouvèlman Citizens ou pou pwochen tèm nan, ou ka chwazi rete oswa pa rete ak Citizens. Pou ou ka fè sa, ou dwe kontinye konfime ou chwazi rete – sa p'ap fèt yon fason otomatik.

### Si ou Elijib e vle rete ak Citizens

- Ou menm oswa ajan w' lan dwe reponn lèt òf la.
- Fè konnen chwa ou fè pou w' rete ak Citizens.
- Swiv enstriksyon ki nan lèt la pou konfime desizyon w' lan.

### Si ou pa reponn

Si asirans ou an elijib pou rete ak Citizens men ou pa reponn, y'ap asiyen asirans ou a bay yon konpayi prive. Pa rate chans ou jwenn pou pran desizyon empòtan sa!

### Sa k'ap rive si asirans mwen an asime?

Si yon lòt konpayi asime asirans ou an pandan peryòd repriz la, prim ak kouvèti asirans Citizens aktyèl ou a ap rete menm jan jiskaske tèm asirans ou gen kounya a eksplike. Lè ta asirans reouvèlman asirans la rive, ou pral resevwa yon òf renouvèlman fòmèl ki soti nan konpayi prive a.

Sa se lè "Règ 20%" an aplike. Si prim renouvèlman yo a 20% plis pase prim Citizens nan pou yon kouvèti konparab, ou pral elijib pou ou reaplike pou kouvèti avèk Citizens. Si prim renouvèlman yo a pa plis pase 20% prim renouvèlman Citizens nan pou yon kouvèti konparab, lè sa ou p'ap elijib pou retounen nan Citizens, menm si ou pa aksepte òf mache prive a.

## Kisa pou konsidere

Lèt òf la gen ladan yon fèy konparezon kouvèti mache prive a ak pa Citizens yo, sa gen ladan estimasyon prim renouvelman yo. Konsidere faktè sa yo:

- Konpayi asirans prive yo ka bay kouvèti ki pi konplè.
- Asire Citizens yo gen yon evalyasyon kotizasyon potansyèl pi wo (jiska 25% prim nan) pase asire prive yo, si nesesè, pou peye reklamasyon Citizens yo.
- "Règ 20%" nou te pale anvan pwoteje w' kont ogmantasyon sibstansyèl prim lè w'ap konsidere òf yo.

## Aji!

1. Ouvri epi li tout kourye ki sot nan Citizens san pèdi tan.
2. Pran san ou egzamine lèt Òf Chwa Asire a oswa lèt Òf Depopilasyon Asire a.
3. Pale sou opsyon wj yo ak ajan asirans ou an.
4. Pran desizyon ou: Aksepte òf asirans prive a, oswa, si ou elijib pou rete ak Citizens e ou vle sa, konfime ou chwazi rete ak Citizens.
5. Reponn selon enstriksyon ki nan lèt la, swa anliy oswa pa mwayen ajan w' lan.

Sonje, si ou kalifye pou rete ak Citizens e ou vle sa, ou dwe fè nou konn sa. Pa kite yo asiyen asirans ou an bay yon konpayi prive paske pa reponn.

Nou ankouraje ou pale ak ajan w' lan pou plis konsèy sou bezwen asirans ou. Gen plis enfòmasyon ki disponib sou sit entènèt nou an [Paj Pwogram Depopilasyon](#).



## Lè Dezas Frape, Kontakte Citizens First



Antanke yon asire Citizens, lè ou konnen etap ki pi efikas pou franchi pou ou ka ranpli yon reklamasyon sa trèzenpòtan. Kontakte Citizens First se yon fason rapid e efikas pou kòmanse reklamasyon w' lan.

### Poukisa Pou Kontakte Citizens First?

- *Tretman reklamasyon pi rapid:* Lè ou kontakte Citizens dirèkteman, ou kòmanse pwoesisis reklamasyon ou nan menm kote a, sa ki gen ladan ajisteman reklamasyon w' lan.
- *Mwens Chè:* Lè ou travay ak Citizens dirèkteman, ou ka evite frè potansyèl ou ka peye akoz yon twazyèm pati ke ou ta gen dwa kontakte konsènan reklamasyon an.
- *Ekspètiz Asirans:* Pwofesyonèl reklamasyon Citizens yo fòme espesyalman pou jere asirans ou epi konprann anviwònman asirans Florida a ki differan.
- *Evite Malantandi:* Kominikasyon dirèk ak Citizens redui risk pou malantandi ki konn rive lè enfòmasyon an pase pa yon entèmedyè.

### Kijan Pou Kontakte Citizens

Citizens ofri plizyè mwayen konvenab pou fè yon reklamasyon oswa jwenn èd.

- myPolicy: Fason ki pi fasil e ki pi efikas pou jere asirans ou an e fè reklamasyon se atravè [myPolicy](#). Itilize li pou:
  - Rapòte reklamasyon 24/7
  - Konsilte reklamasyon ak enfòmasyon fakti
  - Gade dokiman asirans
  - Fè pèman
  - Chwazi opsyon pou resevwa dokiman pa mwanyen elektwonik sèlman
- Sit entènèt [Citizens](#): Vizite sitwèb nou an ki fasil pou itilize sou telefòn mobil pou jwenn enstriksyon sou fason pou fè yon reklamasyon, jwenn dènye enfòmasyon yo, oswa pou [kontakte nou](#).
- Telefòn: Rele liy telefòn reklamasyon 24/7 Citizens nan nan 866.411.2742 pou asistans imeda.

### Ajan ou la: Yon resous enpòtan

Sonje sa, pa ezite kontakte ajan ou la pou jwenn sipò pandan pwosesis reklamasyon w' lan. Yo pi bon lontanpou bay konsèy ak rekòmandasyon lokal. Epitou yo ka esplike w' kouvèti asirans ou an, gide w' atravè pwosesis reklamasyon an, epi defann ou devan Citizens.

Lè ou kontakte Citizens dabò epi ou itilize resous ki disponib yo antanke asire, ou pran wout ki pi dirèk la pou ou rezoud reklamasyon w' lan. Sonje sa, Citizens la pou sèvi ou – e lè ou kontakte nou dirèkteman se souvan pi bon premye pa pou ou jwenn èd ou bezwen an.

## Abri pou moun ki gen bezwen espesyal, konnen kote pou ale ak sa pou pote



Jwenn yon abri ki asire aprè yon ouragan ka difisil, sitou pou moun ki gen andikap yo. Angajman Florid anvè rezidan yo gen ladan asire ke abri yo gen ekipman pou reponn ak bezwen moun ki gen andikap yo.

### Preparasyon se kle

Anvan yon tanpèt frape, li enpòtan pou ou konnen ki jan ou pral evakye ak ki kote w' ka jwenn abri. [Depatman Sante Florida](#) ofri konsèy, sa gen ladan fason pou anrejistre pou abri pou moun ki gen bezwen espesyal.

Abri sa yo fèt pou bay plis swen pase sa ki disponib nan abri popilasyon jeneral la. Yo ka jwenn akomodasyon pou moun ki estab medikalman men ki bezwen èd pou aktivite debaz yo oswa pou itilize aparèy elektwonik medikal yo.

### Jwenn yon abri

Lè dezas frape, lokalize abri ki pi pre a ekstrèmman enpòtan. [Divizyon Jesyon Ijans](#) Eta a gen sijesyon pou preparasyon ak yon lis abri, sa gen ladan abri pou moun ki gen bezwen espesyal.

Pa ezite kontakte [biwo lokal jesyon ijans](#) lan pou aprann plis e pou ka anrejistre alavans.

### Aksesibilité ak konfò

Abri pou moun ki gen bezwen espesyal souvan gen bakòp kouran ak jeneratris pou ekipman medikal esansyèl yo ak bezwen medikal debaz yo.

Sepandan, li enpòtan pou pote ou pwòp kit ijans pa ou, sa ki gen ladan tout medikaman ak ekipman medikal, ansanm ak atik swen pèsonèl.



## Kontakte Citizens Premye

**866.411.2742**

## Aprè tanpèt la

Lè tanpèt la fin pase, òganizasyon tankou [Tampa Hillsborough Homeless Initiative](#) ak [The Salvation Army Florida Division](#) ofri èd siplemantè.

Yo menm ak plizyè lòt ankò asire yo moun ki te deplase akoz tanpèt la gen aksè manje, rad, abri ansanm ak resous pou depandans alontèm.

Rezo abri Florid la ak òganizasyon èd yo asire yo moun ki gen andikap yo gen aksè ak akomodasyon abri ki asire menm aprè yon tanpèt tankou yon siklòn.

Gras a planifikasyon ak lè ou rete enfòme, ou ka rete sèten ou menm ak moun ou renmen yo ap jwenn yon kote asire lè yo plis bezwen sa.

## Domaj akoz tanpèt? Yon gidrekiperasyon ou etap pa etap.



Siklòn Debby se yon gwo rapèl ki fè nou sonje rekiperasyon aprè yon tanpèt ka reprezante yon gwo defi pou asire yo. Apre katastwòf oswa nenpòt lòt katastwòf, Citizens la pou asiste ou nan pwosesis rekiperasyon an ak reklamasyon ki kouvri ou yo.

Nou ka konprann strès ak ijans ki genyen aprè yon dezas men si ou presipite al nan sitiyasyon ki danjere sa ka lakoz blesi oswa pi mal. Pran prekosyon pou ou menm ak fanmi ou rete an sekirite, swiv konsèy otorite lokal yo e pa ezite chèche èd nan men pwofesyonèl pou aktivite ki ka riske pou ou.

Ak sekirite kòm priyorate prensipal, ou ka prepare pou ou ouvri yon reklamasyon epi kòmanse pwosesis rekiperasyon ou. Citizens prè pou l' ede ou nan chap etap yo.

### 1. Rapòte reklamasyon w' la imedyatman:

- Rele Citizens sou liy reklamasyon 24/7 li a nan 866.411.2742.
- Ou ka soumett reklamasyon w' lan pa mwayer [myPolicy](#), zouti sèvis pèsonèl Citizens nan. Enskri nan [myPolicy](#).

### 2. Byen dokimante:

- Pran foto ak vidyeo tout domaj yo anvan ou netwaye.
- Kenbe tout resi reparasyon an ijans ak lojman tanporè.

### 3. Konprann asirans ou an:

- Revize asirans ou an oswa kontakte ajan w' lan pou plis klarifikasiyon.
- Chèche konnen dediktib siklòn ou yo, ki nòmalman pi wo ke lòt dediktif yo.

### 4. Reparasyon ann ijans:

- Fè reparasyon tanporè pou evite plis dega nan yon pwopriyete ki kouvri (sèlman si sa pa reprezante yon danje).
- Kenbe resi pou tout reparasyon ijans yo.

### 5. Enspeksyon ajistè:

- Yo pral asiyen yon ajistè pou vin evalye domaj yo.
- Prepare yon lis bagay ki domaje e bat pou w' la pandan enspeksyon an.

### 6. Depans sibsistans tanporè:

- Si kay pa nan kondisyon pou moun rete ladan, kenbe yon lis tout depans adisyonèl pou sibsistans.
- Yo ka ranbousab selon asirans ou an.

### 7. Chwa kontraktè:

- Vizite Depatman biznis ak regilasyon pwofesyonèl Florid la epi chwazi [kontraktè ki lisansye e ki asire](#).

8. Konprann pwoesisis reklamasyon an:

- Sonje delè 90 jou ou genyen pou ou soumèt prèv pèt yo.
- Konnen dwa ou genyen selon [Deklarasyon dwa reklamasyon pwopriyetè Florida yo.](#)

9. Rezolisyon dispit:


- Si ou pa dakò ak òf reparasyon an ou ka itilize pwogram medyasyon "Depatman Sèvis Finans" la.
- Ou ka kontakte tou [Depatman Sèvis Finans Florida](#) pou plis sipò.

10. Dimiisyon ak preparasyon pou lavni:

- Konsidere [kredi atenyasyon kont van](#) Citizens lan pou amelyorasyon kay ou a.
- Mete envantè kay ou a ajou pou pwochen reklamasyon yo.

Ansanm, nou pral navege nan pwoesisis reklamasyon yo epi remete w' kanpe sou pye w'.

# Ou pral nan yon **Abri?**



**Anplis de pwovizyon ijans ou yo, sonje pote:**

- Zòrye, dra, valiz lèn, oswa matla van.
- Rad, soulye ak chapo siplemantè!
- Atik ijyèn pèsonèl ak pwodui douch, sèvyèt, linèt, ak èd oditif.
- Chèz oswa ti kabann pliyan.
- Jwèt moun ka jwe san fè bri, liv, kat, jwèt timoun, pil ak kèk magazin.
- Papye enpòtan ak dokiman moun nan kay la.



**Rele Citizens First nan  
866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)

**myPolicy**

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

